



SWEN DANTÈ KOMINOTÈ KONSANTMAN PARAN POU SÈVIS DANTÈ

****OU DWE SIYEN FÒM KONSANTMAN SA A NAN DEZYÈM PAJ LA POU OTORIZE SÈVIS DANTÈ ****

ENFÒMASYON SOU ELÈV LA	ENFÒMASYON SOU PARAN/RESPONSAB
<p>Siyati elèv la: _____</p> <p>Non elèv la: _____</p> <p>Dat nesans: _____ / _____ / _____ <div style="text-align: center; margin-left: 100px;"> <i>Mwa Jou Ane</i> </div></p> <p>Sèks: <input type="checkbox"/> Gason <input type="checkbox"/> Fi Klas _____</p> <p>Etnisite: <input type="checkbox"/> Panyòl <input type="checkbox"/> Nwa <input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Endyen Ameriken <input type="checkbox"/> Azyatik/moun zile pasifik Lòt etnisite <input type="checkbox"/></p> <p>_____</p> <p>Adrès elèv la: _____ _____</p> <p style="text-align: center; margin-left: 100px;"> <i>Vil Eta kòd postal</i> </p> <p>Kiyès ki Dantis regilye elèv la? Non: _____ Telefòn: _____ Adrès: _____ _____</p> <p>Nan ki lekòl elèv la ye? _____</p>	<p><u>Manman</u> Siyati: _____ Non: _____</p> <p><u>Papa</u> Siyati: _____ Non: _____</p> <p><u>Responsab, si gen yonn</u> Siyati: _____ Non: _____ Lyen responsab elèv la genyen avèk elèv la <input type="checkbox"/> Granpè/Granmè <input type="checkbox"/> Tonton oswa matant <input type="checkbox"/> Lòt moun: _____</p> <p><u>Enfòmasyon pou kontakte paran oswa responsab</u> Telefòn kay: _____ Telefòn travay: _____ _____</p> <p>Bipè/selilè: _____</p> <p><u>Lòt moun pou kontakte nan ka ijans</u> Non: _____ Lyen avèk elèv la: _____ Telefòn kay: _____ Telefòn travay: _____ Bipè/selilè: _____</p>

ENFÒMASYON SOU ASIRANS	
<p>Èske pitit ou a gen Medicaid? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi:</p> <p># ID Medicaid _____</p> <p>Èske pitit ou a gen yon Medicaid Managed Care Plan? Si li genyen, ki plan li ye? _____ Managed Care Plan ID # _____</p> <p>Èske pitit ou a gen yon plan asirans komèsyal? Si li genyen, ki plan li ye? _____ # ID asirans komèsyal la _____</p>	<p>Èske pitit ou a gen lòt asirans dantè? <input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi: Non: _____</p> <p>Nimewo kontra asirans: _____</p> <p># ID /kontra asirans: _____</p> <p>Menmsi pitit ou a gen asirans menmsi li pa genyen, y ap ba li sèvis yo san ou pa peye.</p>

KONSANTMAN PARAN POU SÈVIS DANTÈ NAN LEKÒL
<p>Mwen menm, paran oswa responsab legal timoun minè ki site pi wo a, mwen otorize ak dakò pou pitit mwen an resevwa sèvis dantè l, pwofesyonèl sante ki gen lisans Eta Nouyòk ki soti nan Columbia University College of Dental Medicine/Columbia University Health Care, Inc. (CUHC) kòm yon pati nan pwogram dantè lekòl la ke Depatman sante Eta Nouyòk (New York State Department of Health) apwouve , ki pral fè egzamen dan, radyografi, dyagnostik, fè tretman ak bay swen pou prevansyon tankou netwayaj dan, mastikaj, tret fliyorid ak fè rekòmandasyon si nesèsè pou lòt sèvis. Mwen konprann pitit mwen ap resevwa tretman nan absans mwen. Sèvis sante dantè pou prevansyon genyen pami yo, egzamen dantè konplè, tretman ijyèn dantè, radyografi, mastikaj ak tretman fliyorid. Sa ka gen ladan tou aplikasyon fliyorid ajan (Silver Diamine Fluoride) nan dan dèyè yo pou anpeche kavite devlope. (Itilizasyon Silver Diamine Fluoride ka chanje koulè nenpòt kavite an koulè mawon oswa nwa. Pou lòt sèvis ki pa egzamen dantè konplè ak sèvis sante dantè ak plonbe danj, Columbia ap avèti m sou sèvis ak tretman y ap fè yo tankou rache dan ak itilizasyon anestezi oswa lòt medikaman. Si mwen pa dakò, yo pa p ka bay sèvis yo. Mwen konprann konsantman sa a pou egzamen konplè dan, sèvis sante bouch ak plonbe dan, ap rete anvigè jiskaske mwen sispann li alekri. Siyati m konfime tou mwen ranpli istwa medikal ki nan paj yo voye ban m lan epi enfòmasyon sa yo vre ak kòrèk. Si pitit mwen an gen yon chanjman nan sante l/medikaman l ap pran, m ap enfòm dantis la pi vit posib.</p> <p style="text-align: center;">REVIZE an Janvyè '2018/ SE CDM-CCC KI APWOUVE 21 JEN 2018</p>

**TANPRI ASIRE OU GADE TOUDE BÒ FÒM KONSANTMAN SA A
OU DWE SIYEN FÒM SA A NAN DEZYÈM PAJ LA POU OTORIZE SÈVIS DANTÈ**



SWEN DANTÈ KOMINOTÈ
KONSANTMAN PARAN POU SÈVIS DANTÈ

****OU DWE SIYEN FÒM KONSANTMAN SA A KI PI BA A POU OTORIZE SÈVIS DANTÈ****

AVANTAJ AK RESPONSABLITE FINANSYE

Mwen menm, paran oswa responsab legal timoun ki pi wo a, mwen chwazi ak konfyè Columbia University College of Dental Medicine/Columbia University Health Care, Inc. lajan sifizan ak/oswa avantaj mwen genyen ki soti nan ajans gouvènman yo, konpayi asirans oswa lòt kote ki responsab onivo finansye pou swen dantè/medikal pou peye pri swe ak tretman pitit mwen an resevwa. Mwen konprann mwen pa p responsab pou lajan plan asirans lan pa kouvri.

DEPATMAN EDIKASYON VIL NOUYÒK (NEW YORK CITY DEPARTMENT OF EDUCATION, NYCDOE)
BILTEN ENFÒMASYON POU KONSANTMAN PARAN POU DIVILGE ENFÒMASYON SOU SANTE
KONSANTMAN PARAN SOU RESPÈ HIPAA POU DIVILGE ENFÒMASYON SOU SANTE

Mwen konnen ke y ap garanti konfidansyalite ant elèv la ak founisè swen sante a dapre lalwa epi y ap ankouraje elèv pou entegre paran oswa responsab yo nan desizyon sou counseling ak sou swen sante yo. Siyati m ki nan fòm sa a otorize pou yo divilge enfòmasyon medikal. Lwa federal ak lwa eta a sou vi prive ka pwoteje enfòmasyon sa a pou yo pa pibliye l.

Lè m siyen dokiman sa a, mwen otorize pou yo bay Komite edikasyon Vil Nouyòk Board of Education of the City of New York (alyas New York City Department of Education), enfòmasyon medikal, swa paske lalwa oswa regleman Chanselye a egzije sa a, oswa paske li nesèsè pou yo pwoteje sante ak sekirite elèv la. Enstitisyon oswa moun ki divilge enfòmasyon medikal sa a dwe ban m yon kopi fòm sa a, si m mande sa. Lalwa egzije paran pou bay lekòl la kèk enfòmasyon, tankou prèv vaksen. Si yo pa bay enfòmasyon sa a, sa ka lakoz yo voye elèv la lakay li.

Yo te reponn kesyon mwen genyen sou fòm sa a. Mwen konnen ke mwen pa gen dwa divilge enfòmasyon medikal pitit mwen an, epi mwen ka chanje lide m nenpòt lè epi anile otorizasyon mwen bay la lè m ekri Sant sante ki nan lekòl la. Sepandan, apre yo fin divilge yon enfòmasyon, yo pa ka retounen sou desizyon an pou rantre enfòmasyon ki te divilge avan yo te mande anile otorizasyon an. Mwen otorize Columbia University College of Dental Medicine / Columbia University Health Care, Inc (CUHC) pou pibliye ba Board of Education of the City of New York (a/k/a New York City Department of Education), ajans gouvènman yo, konpayi asirans yo oswa lòt ajans ki responsab onivo finans pou swe dantè ak pou fè kopi tout enfòmasyon yo bezwen pou fè peman pou swen sa yo elèv ki nan do paj la te resevwa.

KONSANTMAN MALAD POU BAY AKSÈ AK POU YO PIBLIYE DONE SOU ISTWA PRESKRIPSYON MEDIKAMAN SOU FÒM ELEKTWONIK

Mwen otorize Columbia University College of Dental Medicine/Columbia University Health CARE pou gen aksè nan tout bazdone sou istwa preskripsyon medikaman sou fòm elektwonik ak pou pibliye istwa preskripsyon medikaman m (paegzanp enfòmasyon ki gen rapò ak HIV/AIDS, pwoblèm/tretman, planin familyal, maladi jenetik, pwoblèm sante mantal, ak itilizasyon alkòl oswa dwòg, pwoblèm sante mantal ak maladi moun pran nan fè sèks (sexually transmitted diseases, STD) ke Columbia University College of Dental Medicine/Columbia University Health Care itilize. Mwen konprann istwa sa a ka konplè epi li ka limite nan medikaman yo preskri m sou fòm elektwonik. Se responsablite pa m pou m bay dantis/doktè m yon lis konplè medikaman m ap pran kounye a. Mwen konprann objektif fòm sa a se pou Columbia University College of Dental Medicine/Columbia University Health Care ka gen aksè ak pataje enfòmasyon sou istwa medikaman ki gen sèvis preskripsyon elektwonik otorize ki soti kay lòt doktè, famasi ak/oswa pwogram/peyè.

Lè m siyen fòm sa a, mwen otorize pou yo gen aksè, itilize oswa pibliye enfòmasyon sante ki konfidansyèl, jan yo di l pi wo a. Mwen ka anile otorizasyon an nan fòm sa a nenpòt lè avan yo bay enfòmasyon mwen mande a oswa avan yo aji dapre otorizasyon sa a si m bay avètisman alekri sou anile konsantman an, jan yo presize l nan Avi sou Pratik konfidansyalite (Notice of Privacy Practices). Si pati k ap resevwa enfòmasyon an pa konsène nan lwa sou konfidansyalite vi prive a, benefisyè a ka rebay enfòmasyon yo epi li gen dwa pa pwoteje ankò dapre lwa federal oswa lwa eta. Yo pa p rann Columbia University College of Dental Medicine/Columbia University Health Care, Inc. responsab pou okenn konsekans ki ta rive akoz yo rebay enfòmasyon yo. Y ap ban m yon kopi fòm sa a. Mwen ka mande yon kopi enfòmasyon sou sante m.

Konsantman ak otorizasyon sa a pa p ekspire sòf si mwen anile l alekri oswa lè tretman m lan fini avèk Columbia University College of Dental Medicine/Columbia University Health Care, Inc.

Lè m siyen fòm sa a sou fòm elektwonik, mwen deklare mwen li ak konprann li epi yo ban m opòtinite pou m poze kesyon epi yo te reponn tout kesyon m yo avèk satisfaksyon.

KONSANTMAN PARAN DAPRE HIPAA POU PIBLIYE ENFÒMASYON SOU SANTE AK KONSANTMAN POU BAY AKSÈ AK PIBLIYE BAZDONE SOU ISTWA MEDIKAMAN YO PRESKRI SOU FÈM ELEKTWONIK

Mwen deklare mwen li ak konprann fòm konsantman sa a epi yo te ban m opòtinite pou m poze kesyon epi yo te reponn tout kesyon m yo avèk satisfaksyon.

X

Siyati Paran/responsab (oswa elèv la si li gen laj 18 lane pou pi piti oswa lsi lalwa di yon lòt bagay)
Dat _____

Paj 2 nan 2

TANPRI ASIRE OU GADE TOUDE BÒ FÒM KONSANTMAN SA A
OU DWE SIYEN FÒM SA A NAN DEZYÈM PAJ LA POU OTORIZE SÈVIS DANTÈ